Улыўма алғанда, усындай тарийхый процесс нәтийжесинде оларда импровизация пайда болды. Импровизациялық талант дөретиўши ҳәм атқарыўшыларда тәбийий талант ҳәм дөретиўшилик тәжирийбелер нәтийжесинде пайда болатуғын әдебий қубылыс болып табылады. Ол, өз гезегинде, сол дөретиўши ҳәм атқарыўшының халық тарийхын, этнографиясын, жәмийетлик турмысын, миллий характерин, миллий үрп-әдети, миллий сана-сезимине, мол өмирлик тәжирийбеге ийе болмаса импровизациялық қубылыстан утымлы ҳәм нәтийжели пайдалана алмас еди.

**Әдебиятлар**


1. Адабиёт назарияси (М.К. Нурмуҳамедов таҳрири асосида) I том., -Тошкент: «Фан», 1978, 20-б.
2. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: «Билим», 18-б.
3. История древнего востока. (под ред. В.И.Кузищин). –Москва: «Высшая школа», 1979. –С.13-14.
4. Мамбетов К. Шығыс әдебияты тарийхы. –Нөкис: «Билим», 1993. 8-б.
5. Қобланов Ж.Т. Шет ел әдебиетінің тарихы. -Алматы: 2011, 3-б.
6. Словарь Литературоведческих терминов (редакторы-состовители Л.И.Тимофеев и С.В.Тураев). –Москва: «Просвещение», 1974, -С.351.
7. Тронский И.М. История античной литературы. –Москва: «Высшая школа», 1988. –С. 46.
8. Қуранов Д., Мамажанов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. -Тошкент: «Академнашр», 2010. 61-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада антик адабиёти ва қорақалпоқ адабиёти тарихида импровизация адабий ҳодисасининг пайда бўлиши манбалари, шаклланиш босқичлари, ривожланиш тарихи сўз этилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются истоки возникновения литературного феномена импровизации в истории древней и каракалпакской литературы, описываются этапы его формирования, история его развития.

**SUMMARY**

The article discusses the origin of literary phenomenon improvisation in the history of ancient and Karakalpak literature, there is depicted the stages of the formation, history of its development.


**УДК : 82. 0/82 - 3**

## 1980-ЖЫЛЛАРДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ ПРОЗАСЫНДА ЎАҚЫТ ҲӘМ КЕҢИСЛИК ОБРАЗЛАРЫ

(К.Алламбергенов ҳәм О.Әбдирахманов шығармалары мысалында)


**Ж.Н.Сагидуллаева –** *филология илимлериниң кандидаты*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети доценти*



**Таянч сўзлар:** замон ва макон, хронотоп, сюжет хронотопи, ёпиқ ва очиқ макон, имплицит форма, ёзувчи услуби.

**Ключевые слова:** время и пространство, хронотоп, хронотоп сюжета, замкнутое и открытое пространство, имплицитная форма, стиль писателя.

**Key words:** time and space, chronotop, chronotop plot, closed and open space, implicit form, writer's style.


Әдебияттаныўда ўақыт ҳәм кеңислик образлары көркем образдың түрлерине киреди. «Көркем ўақыт ҳәм кеңислик көркем ҳақыйқатлықты бир пүтин қабыллаўды тәмийинлеўши ҳәм шығарманың композициясын шөлкемлестириўши көркем образдың әҳмийетли сыпатларының бири» [1:488].

Ўақыт ҳәм кеңисликтиң өз ара бирлиги рус илимпазы М.Бахтин тәрепинен «хронотоп» (сөзбе-сөз аўдармасы «ўақыт кеңислик») термини менен аталды [2:234]. «М.Бахтин ХХ әсирдиң 30-жылларында хронотоп түсинигин тиккелей әдебияттаныўға алып кирер екен, оның көркем шығарма негизиндеги жанр, композиция, сюжет, көркем текст структурасы, образлар поэтикасына тийисли әҳмийетли бөлеклерди қамтып алыўы, көркем мәкан ҳәм ўақытты уйғын сәўлелендириўин есапқа алады. Себеби, көркем шығарма, ондағы ҳәр бир поэтикалық бөлек хронотоп системасында үйренилмес екен, белгили бир дөретпени ғәрезсиз көркем қубылыс сыпатында талқы етиў қурамаласады» [3:24]. Усы көзқарастан, қарақалпақ әдебияттаныўында әдебий шығармаларды хронотоп теориясы негизинде изертлеў, талқы етиў дәўир талабы.

«Хронотоп өзинде жанр қәлиплестириўши ҳәм сюжет дүзиўши функцияларды алып жүреди. Ол шығарманың ишки нызамлылықларын беккемлейди. М.Бахтинниң белгилеп көрсеткениндей, хронотоп дәрўазасы арқалы... инсанның сөз өнери дүньясына кириўи иске асады» [4, 6]. Демек, М.Бахтин хронотопты көркем шығарманың барлық форма компонентлерин қамтыўшы ҳәм сол арқалы мазмунды алып жүриўши формалық-мазмунлық категория сыпатында қарайды [2:235].

В.Е.Хализев «Теория литературы» мийнетинде М.Бахтинниң хронотоптың бир неше түрлерин, атап айтқанда идиллиялық, мистериялық, карнаваллық, сондай-ақ жол, босаға (кризислер ҳәм бурылыслы өзгерислер сферасы), қорған, мийманхана, салон, провинциялық қала (оның монотонлы турмысы менен) сыяқлы түрлерин ажыратып көрсеткенлигин атап өтеди. Ол илимпаздың хронотоплық баҳалықлар, хронотоптың сюжет дүзиўши роли ҳаққында айтқанлығын ҳәм оны формалық-мазмунлық категория деп атағанлығын келтиреди [5:249]. Бул мийнетте илимпаз өзи де ўақыт ҳәм кеңислик образларының түрлерине тоқтап, ўақыт образының биографиялық (балалық, жаслық, ер жеткенлик, ғаррылық), тарийхый (дәўирлер ҳәм әўладлар алмасыўы, жәмийет турмысында ири ўақыялардың характеристикалары), космослық (мәңгилик ҳәм дүньялық тарийх ҳаққында көз алдына елеслетиў), календарлық (мәўсимлер, күнлер ҳәм байрамлар алмасыўы), суткалық (күн ҳәм түн, таң ҳәм кеш), сондай-ақ, ҳәрекет ҳәм ҳәрекетсизлик ҳаққында, өтмиш, ҳәзирги мәҳәл, келешектиң өз ара байланысы туўралы көз алдына елеслетиўлер деп бөледи. Ал, кеңислик образын болса, жабық ҳәм ашық, жер ҳәм космослық, реал көринетуғын ҳәм көз алдына елеслетилетуғын, жақын ҳәм узақ көринетуғын нәрселер ҳаққында көз алдына елеслетиў деп ажыратады [5:248].

Ғәрезсизлик дәўиринде өзбек әдебияттаныўында хронотоп мәселесине арналған бир қатар мийнетлер, арнаўлы диссертациялар [6] пайда болды. Ал, қарақалпақ әдебияттаныўында көркем ўақыт ҳәм кеңислик мәселелери күтә аз изертленди. Мәселен, Қ.Камалов ҳәм Қ.Оразымбетовлардың мийнетлеринде хронотоп мәселесине жанр (эпика, лирика) көзқарасынан [7], Қ.Жәримбетов, К.Алламбергенов, С.Бахадырова, Н.Орымбетова, А.Султанов, П.Нуржанов, М.Мәмбетова, И.Мәмбетов, Ж.Қаниязова, Ж.Сагидуллаевалардың изертлеўлеринде суткалық (бир түн, бир ақшам, санаўлы күнлер) көзқарастан [8], Э.Ешниязованың мақаласында мәўсимлик көзқарастан (қыс, бәҳәр) жантасады [9]. Бирақ, бул мийнетлерде ўақыт ҳәм кеңислик образлары бир пүтин поэтикалық бирлик (хронотоп) сыпатында толық үйренилген емес. Ал, көркем ўақыт ҳәм кеңисликке бир пүтин система

сыпатында дәслепки илимий жантасыўлар илимпаз П.Нуржановтың мийнетлеринде ҳәм докторлық (DSc) диссертациясында ушырасады [10]. Сондай-ақ, хронотоп мәселеси талантлы жас изертлеўши Г.Зинатдинованың жекке авторлықтағы ҳәм усы мақала авторы менен биргеликте жазылған бир қатар илимий мақалаларында ҳәм магистрлик диссертациясында үйрениледи [11]. Биз бул мақаламызда, тийкарынан, 1980-жыллардағы қарақалпақ прозасында жол хронотопы ҳәм босаға хронотопына-тоқтап өтиўди мақул көрдик. Себеби, жол хронотопы сөз өнеринде ертеден, яғный фольклордан бери қолланылып киятырған дәстүрий образ. Дүнья әдебиятынан ҳәм миллий сөз өнеринен буған көплеген мысалларды келтириўге болады.

1970-жылларда қарақалпақ прозасына киши эпикалық шығармалары менен кирип келген талантлы жазыўшы К.Алламбергенов 80-жыллардың биринши ярымында «Қыйын өткел» (1983) повести ҳәм «Дәрбент» (1985) романы менен үлкен прозаға қәдем қойды. Жазыўшының бул эпикалық шығармаларының сюжет қурыў поэтикасы хронотоп теориясының тийкарын салыўшы М.Бахтинниң «Ўақыттың белгилери кеңисликте ашылады ҳәм кеңислик ўақыт арқалы түсиниледи ҳәм өлшенеди» деген илимий-теориялық пикирине сәйкес келеди [2:235]. Себеби, бул еки дөретпеде де ўақыт ҳәм кеңислик бир-бири менен соншелли уйғын ҳәм шеберлик пенен биригип кеткен, бас қаҳарманлардың қайсы кеңисликте (институт яки кәсип-өнер техникумында) ҳәрекетленгенине қарап, олардың жас өзгешелиги (жаслық дәўири, муҳаббат пасылы, өмириниң кәсип таңлаў басқышы), сондай-ақ индивидуал характери, психологиясы ҳәм өмирге көзқарасы ашылып барады.

К.Алламбергеновтың «Қыйын өткел» повестинде «қыйын өткел» – бул инсанның жаслық дәўири, оның образлы метафорасы. Егер турмыста кимде-ким сол өткелден дурыс өте алмаса, бахытқа ерисе алмайды. Адам сол өткелден өтиўде алжасса, соңы пушайманлыққа алып барады. Шығарма бас қаҳарманы Назар да жаслық өткелинен дурыс өте алмайды. Тийкарсыз гәплерге ерип, өз өмириниң «жаслық» деп аталатуғын дәўирин бийбастақ өткереди, көп қәтелерге жол қояды. Сүйген қызы Зулфияға деген пәк муҳаббатын аяқ асты етип, бир неше қызлар менен байланыста болады. Өзи сүймеген Сапаргүлге үйленеди. Ал, Назардың балалықтан достысы Ораз болса, оның Зулфияға қосылыўына тилеклес болып, бир неше мәрте жорасының усы қыйын өткелден «қуламай» өтиўине қаншелли ҳәрекет етпесин, пайдасы болмайды. Себеби, Назар алдамшы гәплерге исенип, түскинликке ҳәм ғәзеп отына түсип өз өмирин қәте жолға баслап алады, сүйиклисинен айрылады. Сол себепли, бир өмир руўхый азапта қалады. Автор, мине, инсан өмириниң шешиўши дәўири есапланған жаслық демлерин ҳәр бир адам алжаспастан өткериўи керек деген улыўма адамзатлық идеяны бериў ушын қыйын өткел (эпитетли метафора) хронотопынан пайдаланған. Және де оған философиялық мазмунды да жүклей алған. Солай етип, қыйын өткел хронотопы повестте сюжет дүзиўши функцияны атқарады.

Инсан өмириндеги екинши әҳмийетли мәселе – бул кәсип таңлаў. К.Алламбергеновтың «Дәрбент» романында жаслардың кәсип таңлаў мәселеси, әсиресе, онда кәсип-өнер техникумларының жаслардың келешек кәсибин таңлаўында тутқан орны дәрбент хронотопы арқалы ашып бериледи. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлигинде «Дәрбент. 1. Үлкен гүзар жоллардың бир-бири менен кесискен жери...» [12: 64] деп түсиндириледи. Ал, М.Бахтин «... дәрбент – бәрқулла фольклорлық адамның өмириниң бурылыслы пункти» болып табылады деп келтиреди [2: 271]. Фольклордан сағa алған XIX әсирдеги қарақалпақ классикалық әдебиятында Әжинияз шайырдың «Дәўран болмады» қосығында да дәрбент хронотопы усы көзқарастан сәўлеленеди: «Гүзар дәрбентине қурған көшкимде, Дәртимди дәртлесер ҳәмдәм болмады». XX әсирде жазыўшы К.Алламбергеновтың «Дәрбент» романында бул фольклорлық мотив сәтли даўам еттириледи.

Бул романның сюжети тутасы менен дәрбент хронотопына қурылған. Жазыўшы прозасында дәрбент образы, өткел хронотопы сыяқлы метафоралық мәниде қолланылады. Шығармада дәрбент – бул инсан өмириниң сондай дәўири, яғный ол шахстың қәлиплесиўиндеги, кәсип таңлаўындағы шешиўши басқыш. Егер усы кесилиспеде ҳәр бир жас өзиниң кәсип жолын дурыс таңлай алса, оның жәмийетке пайдалы инсан сыпатында қәлиплесиўине кең жол ашылады. Роман сюжетинде дәрбент хронотопының көркемлик қәсийетлери Алпысбай ҳәм сол сыяқлы жаслардың кәсип таңлаўға, техникумда оқыўға деген жекке қатнасы, жоқары оқыў орнын питкерип келген жас кадрлар Азамат пенен Турғангүлдиң кәсип-техникалық билим бериў тараўында гезлескен айырым кемшиликлерге (мәселен, оқыўға келмеген баланы келди деп дизимге киргизип, олардың стипендиясы, азық-аўқаты ушын берилетуғын пулларынан пайдаланып отырған директор орынбасарының унамсыз қылықлары, оқыўшыларға машина айдап үйрететуғын майданшаның қараўсыз қалыўы, мастерскойда автомашиналардың бузылып жатыўы ҳәм т.б. ис-ҳәрекетлерге) қарсы гүреси арқалы ашылады. Демек, бунда дәрбент хронотопы сюжет ҳәм конфликт дүзиўшилик хызмет атқарады. Сондай-ақ, бул шығармаларда өткел ҳәм дәрбент хронотоплары инсан өмириниң бир басқышын, яғный биографиялық ўақыт мәнисин билдиреди.

О.Әбдирахмановтың «Босаға» романында босаға хронотопы сюжет ҳәм конфликт дүзиўши функцияны атқарады. М.Бахтин «Әдебиятта босаға хронотопы ушырасыў мотиви менен де келиўи мүмкин. Бирақ оның тийкарғы ўазыйпасы кризис ҳәм ўайран болған турмыстың мазмунын көрсетиў болып табылады. «Босаға» сөзиниң өзи-ақ (реал мәнисине көре де) мағанасы жағынан метафоралық мазмунға ийе. Ўайран болған турмыс, кризис, өзгериўшең қарар ... түсиниклери менен сәйкес келеди. Ол бәрқулла метафораласқан ҳәм символлық мәниге ийе болады» деп жазады [2:399]. Ҳақыйқатында да, О.Әбдирахмановтың «Босаға» романында қолланылған усы атамадағы хронотоп ушырасыў мотиви менен байланыслы келеди. Себеби, шығармада әзелден бояўбос, ерки ҳәлсиз Назардың өмирде алжасыўына, қыйсық жолға түсип, мәмлекет мүлкин талан-тараж етиўине оның ташкентли Ғаний прораб пенен ушырасыўы, сол адамның босағасына барып қалыўы себеп болады. Романда бас қаҳарман Назардың характериниң ашылыўында 1966-жылғы Ташкенттеги жер силкиниўинен кейинги қайта тиклениў ўақыяларының тиккелей қатнасы бар. Ташкентке оқыў ушын келген Назар Ғаний прораб пенен ушырасып, оның менен аўыз бириктирип, бир неше мәрте мәмлекетке тийисли қурылыс материалларын басқа ўәлаятларға нобай пуллайды ҳәм үлкен жынаятқа қол урады. Нәтийжеде, шығарма конфликти Назардың судланыўы менен өз шыңына жетеди. Бирақ сюжет соңында Назарды депутат Султан өз кепиллигине алып, оны өзи менен бирге Үстиртке жумыс ислеўге алып кетеди. 1980-жыллардағы қарақалпақ романларында характер жаратыў проблемасын изертлеген илимпаз Н.Орымбетова «Сол нәрсе дыққатқа ылайық, роман 1985-жылда, яғный жәмийет өз раўажланыўында жаңа басқышқа өтип атырған бир дәўирде жазылған. Усыған

байланыслы роман атамасы символлық мәниге ийе ҳәм тек шығарма қаҳарманы Назар ғана емес, ал пүткил жәмийет жаңа социаллық-экономикалық, жәмийетлик қарым-қатнаслар босағасында турыпты...» [13, 14] деп жазады. Сондай-ақ, бул романда босаға хронотопы сюжеттиң тийкарын қурап, шығарманың барлық формалық компонентлерин (конфликт, композиция, баянлаў усыллары ҳәм т.б.) өзинде бириктирген ҳәм мазмун тасыўшылық хызмет атқарып келген.

Жоқарыда кеңислик образының жабық ҳәм ашық түрлерге бөлип үйренилиўи ҳаққында келтирип өткен едик. Әдебиятта өткел хронотопы, негизинде, жол хронотопының (теориялық әдебиятларда жол хронотопы, әдетте, ашық кеңисликке киргизиледи) бир бөлеги сыпатында еки мәнзилди тутастырыўшы орын есапланады. Бирақ, жазыўшы К.Алламбергеновтың «Қыйын өткел» повестинде бас қаҳарман Назар автор идеясына бола сол өткелден өте алмай қалады. Керисинше, жазыўшының «Дәрбент» романында қаҳарманлардың өз өмирлик жолын таңлаўында усы атамадағы хронотоп ашық кеңислик хызметин атқарады. М.Бахтин әдебияттағы босаға хронотопының гейде ашық, бирақ көпшилик жағдайда имплицит (сиңискен) формада келетуғынын айтып өтеди [2:399]. Усы көзқарастан, О.Әбдирахмановтың «Босаға» романында босаға хронотопы имплицит, яғный дәслебинде Назар Ғаний прорабтың босағасынан үйине (жабық кеңисликке – бул жерде кеңислик символлық мәниде қолланылып, тубалаўшылық дәўириндеги инсан қәлбиниң кризиси сыпатында) кирген соң өз жолынан адасады. Бирақ, сюжет финалы Назардың депутат Султанның жәрдеминде мораллық жақтан дүзелиў ушын туўры жолға түсиўи, жаңа өмирге жол алыўы менен тамамланады. Бунда босаға хронотопы жабық (үй) ҳәм ашық (жол) кеңисликлериниң ортасындағы шешиўши аралық мәкан функциясын атқарады. Жуўмақлап айтқанда, әдебий шығармаларда хронотоп ҳәм оның түрлери жанр, сюжет, конфликт, композиция, текст структурасы, автор стили ҳәм т.б. мәселелер менен байланыслы изертленсе, қарақалпақ әдебиятының изертленбеген тың мәселелериниң ҳәм индивидуал жазыўшылардың дөретиўшилик қырларының ашылыўына имкан жаратады.

## Әдебиятлар


1. Литературный энциклопедический словарь. Под общей редакцией В.М.Кожевникова и П.А.Николаева. –Москва: Советская энциклопедия. 1987, –С. 752.
2. Бахтин М. М. Формы времени и хронотопа в романе. // Вопросы литературы и эстетики. Исследования разных лет. – Москва: «Художественная литература». 1975, -С. 504.
3. Жўрақулов У. Михаил Бахтин кашфиётлари. // Бахтин М. Романда замон ва хронотоп шакллари. Тарихий поэтикадан очерклар. Рус тилидан Узоқ Жўрақулов таржимаси. –Тошкент: «Akademnashr», 2015, 288-б.
4. Темирболат А.Б. Категория хронотопа в свете современных научных концепций литературоведения. // «Филологические науки в России и за рубежом». Международная заочная научная конференция. -Санкт-Петербург. 2012. –С. 212.
5. Хализев В. Е. Теория литературы. Учебник. 3-е изд., испр. и доп. –Москва: «Высшая школа», 2002, –С.437.
6. Тўйчиев А. Ўзбек романларида макон ва замон. Монография. Тошкент. Mumtoz so'z. 2009. 152 бет; Шодиев Н., Тўраева Б. Бадиий вақт ва унинг системаси. Рисола. Тошкент. Fan va texnologiya nashriyoti. 2012. 64 bet; Жўрақулов У. Алишер Навоий «Хамса»сида хронотоп поэтикаси. Филол. фан. бўйича фан доктори (DSc) автореферати. Тошкент. 2017. 73 бет; Назаров Ў. Омон Мухтор романларида бадиий хронотоп муаммоси. Филол. фан. бўйича фалсафа доктори (PhD) дисс. автореферати. Қарши. 2018. 47 бет; Тўраева Б. Тарихий романларда бадиий замон муаммоси (О.Ёқубов ва П.Қодиров романлари мисолида). Филол. фан. бўйича фан доктори (DSc) автореферати. –Тошкент: 2018. 47-б.
7. Камалов Қ. Қарақалпақ повести (жанрдың эволюциясы). –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1978, 77-б.; Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. I том. –Нөкис: «Билим», 2018. 408-б.
8. Жәримбетов Қ. Турмыс ҳақыйқатлығынан – көркем ҳақыйқатлыққа. 1987-жылдың әдебий жыл жуўмағы. // «Әмиўдәрья». 1988. №6; Алламбергенов К. Ығбал жағысы (Ш.Сейитовтың прозасы ҳаққында). // Әмиўдәрья. 1989. №1. 93-б; Баҳадырова С. «Китаби Дедам Қорқыт», «Қоблан», «Едиге» ҳәм ҳәзирги әдебият ҳаққында ойлар. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1992. 158 б.; Орымбетова Н. Испытание совестью (О романе К.Мамбетова «Совесть»). // Вестник ККО АН РУз. 1997. №4. СС. 132-134; Султанов А. Қарақалпақ прозасында Ш.Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери. –Нөкис: «Билим». 2007; Нуржанов П. К.Мәмбетовтың «Ҳүждан» романында композициялық жаңашыллық ҳәм поэтикалық шеберлик. // Әмиўдәрья. 2007. №6; Қаниязова Ж. Ш.Сейтовтың «Шырашылар» романында характер жаратыў усыллары. // ӨзРИАҚҚБ хабаршысы. 2007. №1. 123-125-бб.; Ш.Сейтовтың «Ығбал соқпақлары» романында характер жаратыўда көркем психологизмниң әҳмийети. // «Түркий халықлар әдебиятының мәселелери». Илимий-теориялық конференция материаллары. 2004. 125-126-б.б.; Сагидуллаева Ж. Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар повестьлери мысалында). Канд. дисс. Нөкис. 2010; Усы автор. Эпикалық баянлаўда көркем ўақыт мәселеси. // Қарақалпақ мәмлекетлик университети хабаршысы. 2012. №3-4. 119-122-б.б.;
9. Ешниязова Э. Зулфияханым поэзиясында ўақыт мәселесиниң сәўлелениўи. // ӨзРИАҚҚБ хабаршысы. 2011. №2. 70-71-б.
10. Нуржанов П. Ҳәзирги қарақалпақ романы поэтикасы (композициялық ҳәм жанрлық-стильлик өзгешеликлери). Монография. –Нөкис: «Билим». 2008. 116 бет; Қорақалпоқ романи поэтикаси: сюжет ва композиция (1970-2000-йиллар). Филол. фан. бўйича фан доктори (DSc) автореферати. –Нукус: 2020.
11. Сагидуллаева Ж., Зинатдинова Г. Эпик турда хронотопнинг ўзига хос ҳусусиятлари (ҳозирги қорақалпоқ романлари мисолида). // «Марказий осиё давлатлари олима аёлларининг илм-фан соҳасига қўшган ҳиссаси» мавзусидаги халқаро илмий-амалий анжуман материаллари (2-қисм). Мирзо Улуғбек номидаги Ўзбекистон миллий университети. –Тошкент: 2020, 20 март. 245-247-б. Зинатдинова Г. Ш.Сейитов лирикасында көркем ўақыттың билдирилиў усыллары. // «ӨзИА ҚҚБ хабаршысы». -Нөкис: «Илим», 2019, №4 (257). 166-169-б.; Усы автор. Драмалық хронотоп ҳәм оның үйренилиўи. // «Иқтидорли талабалар, магистрантлар, докторантлар ва мустақил изланувчилар» онлайн илмий-амалий анжуман материаллари. Фарғона политехника институти. -Фарғона: 2020, 24-25-апрель. – Б. 918-920; Usı avtor. Sh.Seyitov lirikasında kórkem waqıt hám kórkem keńislik máseleleri («Jollar» toplamı mısalında). Magistrlik dissertaciyası. Ilimiy basshı: doc. J.Sagidullaeva. Nókis. QMU. 2020.
12. Қарақалпақ тилиниң IV томлық түсиндирме сөзлиги. II том. –Нөкис: «Қарақалпақстан». 1984. 387-б.
13. Орымбетова Н. Проблема характера героя в каракалпакском романе 80-х годов. АКД. -Нукус: 2001. –С.20.


**РЕЗЮМЕ**


Мақола қорақалпоқ адабиётшунослигида жуда кам ўрганилган долзарб муаммоларнинг бирига бағишланган. Унда ўтган асрнинг 80 йилларидаги қорақалпоқ насрида хронотоп (замон ва макон) муаммосининг ўрни тадқиқ этилган. Мазкур муаммо истеъдодли ёзувчилар К.Алламбергенов ва Ў.Абдирахмоновларнинг насрий асарлари мисолида ўрганилади. Мақолада йўл ва бўсаға хронотопларининг бадиий асар поэтикасидаги ўрни давр ҳақиқати ва ёзувчи услуби билан боғлиқ очиб берилади. Шунингдек, хронотопнинг турлари (ёпиқ ва очиқ макон, имплицит шакл) ва уларнинг бадиий асар структурасидаги функцияси таҳлил этилади.


**РЕЗЮМЕ**


Статья посвящена одной из актуальных малоизученных проблем каракалпакского литературоведения. В статье исследуется роль хронотопа (времени и пространства) в каракалпакской прозе 80-х годов прошлого века. Эта проблема исследуется на примере прозаических произведений талантливых писателей, как К.Алламбергенов и У.Абдирахманов. В статье расскрывается роль хронотопа дороги и хронотопа порога в поэтике художественного произведения применительно к реалиям эпохи и стиля

писателя. А также в нём уделяется внимание видов (замкнутое и открытое пространство, имплицитная форма) хронотопа и анализируется их фунции в структуре художественного текста.

**SUMMARY**

This article is devoted to one of the most important and insufficienty explored problems in Karakalpak literature. The article examines the role of the chronotope (time and space) in the Karakalpak prose of the 80s of the last century. This problem is investigated using the example of prose works of talented writers like K.Allambergenov and U.Abdirakhmanov. The article reveals the role of the chronotope of the road and the chronotope of the threshold in the poetic work of art in relation to the realities of writer's period and style. The types of chronotope (closed and open space, implicit form) and their function in the structure of the work of art are also analyzed.

## ШАЙЫР-ЖЫРАЎЛАР ДӨРЕТИЎШИЛИГИ ҲӘМ КӨРКЕМЛИК ИЗЛЕНИСЛЕР

**Т.Торткулбаева** - *филология бойынша философия докторы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** қозоқ шоир-жировлар ижоди, мавзу, жанр, бадиий эстетик қарашларнинг ўзига хослиги.
**Ключевые слова:** стихотворчество казахских поэтов-жирау, тема, жанр, особенности художественно-эстетических мыслей.
**Key words:** literary work of kazakh poets and bards, theme, genre, peculiarities of their literary-aethetical viewpoints.

Қазақ ханлығы дәўириндеги сөз өнерине, ондағы тематикалық ҳәм жанрлық өзгешеликлерине, көркемлик-эстетикалық қунлылықларына итибар қаратсақ, миллет руўхиятының жоқары басқышқа көтерилгениниң гүўасы боламыз. Ҳақыйқатында да, «қазақ ханлығы дәўириндеги әдебият тарийхында Асан қайғы (XV әсир), Қазтуған жыраў (XV әсир), Шалкийиз Тиленши улы (XV әсир екинши ярымы - XVI әсир биринши ярымы), Доспамбет жыраў (XVII әсир), Жиембет жыраў (XVII әсир), Ақтамберди Сары улы (XVIII әсир), Үмбетай Тилеў улы (XVIII әсир), Бухар жыраў Қалқаман улы, Көтеш шайыр, Шал Қулеке улы (XVIII әсир) тағы басқа шайыр-жыраўлардың мийрасының мазмуны оғада үлкен әҳмийетке ийе. Усы бай мийрасга қазақ халқының бирнеше әсирлик көркемлик ойы, сөз өнерлик тәжирийбеси жыйнақланыўы арнаўлы түрде илимий тәрептен изертлениўди талап етеди. Қазақ халқының сөз өнериниң изертлениўи, жуўмақлары, нәтийжелери миллет әдебиятының көптомлық академиялық тарийхының пайда болыўына, жазылыўына тийкар болды. Соңғы жылларға шекем қазақ әдебияты тарийхын изертлеў сиясат, идеология қыспағында, бир қанша шеклеўге мәжбүр болған қыйын жағдайларда жүргизилсе, енди ел ғәрезсизлиги турақланып, раўажлана баслаўы менен қазақ халқының бай көркем сөз ғәзийнеси ҳаққындағы илим де өсип, бийик дәрежеде болары сөзсиз» [1].

Тийкарынан, қазақ ханлығы ўақтында миллетлик сөз өнериниң ҳәр түрли үлгилери, атап айтқанда, мифология менен фольклорлық мийраслар, әййемги әдебий естеликлер, тарийхый-шежирелик материаллар, шайыр-жыраўлар менен шешенлердиң өмири, олар жасаған дәўир, дөретиўшилик мийраслары кең көлемде көрине баслаған еди. Академик С.Қасқабасовтың айтқанындай: «Он бесинши әсирдиң ортасында пайда болған қазақ ханлығы миллетлик мәденият пенен әдебияттың раўажланыўына көп тәсир етип, өзгеше жағдай жасады. Алтын Орда заманында әййемнен берли жалғасып, раўажланып киятырған улыўма түркийлик руўхияттың мийрасхоры ретинде қазақ халқы менен мәмлекети енди бурынғы бабалардан қалған мийрасты сақлап ғана емес, оны байытып, жаңалап раўажландырыўға жуўапкер болып, соған күш салды. Бул дәўирдеги мәдeният өзиниң өзгешелик сыпаты, мазмуны менен тематикасы жағынан ҳәр түрли болды. Бунда әййемги мифологиялық аңызлар менен кейинги заманда пайда болған фольклорлық шығармалар, орта әсирлерде пүткил Шығыста дәстүрге айланған қолжазба китаплар менен тарийхый-шежирелик шығармалар, халықлық музыка менен ойынлар, сондай-ақ миллетлик қазақ әдебияты менен шешенлик өнер – бәри қатар, араласып, сабақлас өмир сүрди. Әсиресе, аўызеки әдебияты айрықша раўажланды. Оның баслы себеби, қазақ ханлығындағы болмыстың өзи менен мәмлекетлик дүзилисиниң өзгешелиги еди, яғный көшпели өмир менен отырықшы турмыстың, пахташылық пенен дийқаншылықтың қатар болып, раўажланыўы сол гездеги руўхый өмирдиң алдыңғы қатарына өзинлик сыпаты зор аўызеки әдебиятын, жыраўлар поэзиясын ҳәм шешенлик өнерди шығарды.

Эмоциялық-экспрессивлилик мақсети тийкарында толғаў-жырларда психологиялық параллелизм, қайталаў, айырым ўақытта даўыс қуўалаўшылық пенен формулалық та кеңинен пайдаланылады. Улыўма поэзияға тән теңеў, салыстырыў, гипербола, контраст сыяқлы көркемлеў қураллары да толғаўға жат емес» [2].

Әдебият арқалы көпшилик миллет пенен улыстың тарийхы менен тәғдирин, руўхый өсиў жолын айқын билиўге болатуғынлығын бүгинги күн шынлыққа шығарып отыр. Бурынғы арналардың туўма баслаўы менен терең ийримлерине бойламай-ақ, өткенге тереңнен шолып, ой көзи менен қарасақ, VI- VIII әсир естеликлери - әдебияттың дәслепки дәўирин танытса (түркий тиллес халықларға ортақ мийрас), X-XIII әсирлердеги сөз өнери – тарийх пенен таным кесилиспеси айқын, дәрек пенен тийкары мол әдебияттың ("Кутадғу билиг", "Девони луғат ат - турк", "Дийўаны ҳикмет", т.б.) қәлиплесип, толыса баслағанын билдиреди. XIII-XIV әсирлер әдебиятынан ("Алтын Орда дәўири") татар-монғол басқыншылығының зобалаң-зардабы, халық тарийхының тәғдирин ҳәм т.б. көремиз. XV әсирдиң екинши ярымының дәслепки жылларында қазақ ханлығы пайда болып, тийкарғы әдебияты қәлиплести. Қазақ әдебиятының тарийхы жекке шайыр, жыраў, жыршылар менен мысалы: Асан Қайғы, Қазтуўған, Доспамбет, Шалкийиз, Жийембет, Марғасқа, Ақтамберди, Тәтиқара, Умбетей, Көтеш, Бухар, Шал ҳәм т.б. толысты. Олар өзлериниң қосық-толғаўлары арқалы жәмийет пенен адам арасындағы қатнасты, бай-болыслар менен гедей - жарлылардың арасын, миллет мәселесин, аўызбиршилик ҳаққында, ғарры-жас орнын, халықлық, қаҳарманлық ҳаққында, қулласы, өмирдиң көплеген қыры менен сырын, ўақыт нәпесин жеткерди. Миллет пенен әўладты кеңнен ойлап, терең толғанады.

Қазақ әдебияты тарийхының қурамалы ўақытларының бири саналатуғын XV-XVIII әсирлердеги мийрасларды талқылаўда, изертлеўде алымларымыз қунлы пикирлерин айтып, мәнили мийнет-мийрасларын халыққа усынды. Тематикасын ашып, жәмийетлик-сиясий ҳәм философиялық, этикалық ойларға, жанр менен көркемлик өзгешеликлерге, текст дүзилисине, тил, стиль сыпатына, еркин барды.

Бул бағдардағы изленислер менен мийнетлер қатарында ағартыўшы-демократлардың дүньяға көзқарасын ҳәр тәреплеме үйрениў менен жалғасып, толысты. Қазақтың тәлим-тәрбиялық ой-пикирлери арқалы да жаңа, өзгеше түс алды (мысалы, «Адамзат ақыл-ойының қазынасы» (10 том), «Әлемдік философиялық мұра» (20 том), «Қазақ халқының философиялық мұрасы» (20 том), т.б.).

Аталып өтилген дәўирлер аралығындағы шайыр-жыраўлар мийрасы - «Әдеби мұра және оны зерттеу»